Ассаламу гӀалайкум!

# АХИХЪАН

№ 10 (7411)
8 Март 2020 сон
ГьатӀан
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Руччабазул байрамгун!



Хириял руччаби! Гьале тӀаде щвана ихдалил тӀоцебесеб праздник 8 Март. РакӀ-ракӀалъ баркула нужеда бищунго берцинаб, бищунго гвангъараб руччабазул праздник. Гьеб буго бакъул хинал чӀоралгун, чӀаголъулеб, цӀилъулеб тӀабигӀатгун, щибаб соналъго бачӀунеб байрамазул цояб. Гьелъулъ бессун буго чӀужугӀаданалъул сипаталда хурхараб кинабго гьайбатабщинаб. Гьеб къоялъ нилъеца кӀодо гьабула нилъ гьарурал, кодоре рачун нилъ реэдарал, кинидахъ хӀайранал кучӀдул ахӀарал, нилъер хӀеренал, кидаго нилъ рекӀел хинлъиялъги, тӀалаб-агъазалъги сверун ккурал улбул, нилъер къадруял, къиматал, хӀажаталъур нилъер хьолбохъ ратулел ясал ва яцал. Хириял улбул, яцал ва ясал! Щибаб хъизаналъул рухӀияб рацӀалъиги хинлъиги цӀунулел, хӀалхьи лъаларел нужелъ бихьула лъикӀабщинаб. Мекъи ккеларо чӀужугӀадан гьечӀони ракьалда гӀумру букӀинарин абуниги. ЧӀужугӀадан гьечӀеб рукъ – гьеб буго цӀа свараб гъасито. ЧӀужугӀаданалъул кверазги гӀакълуялъги, махщалицаги гӀуцӀула дунял, данде бачуна хъизан-рукъ, кӀудияб ва жавабчилъи цӀикӀкӀараб роль хӀалтӀизабула общественниябгун жамгӀияб гӀумро цебетӀезабиялда. Доб Совет хӀукуматалъул заманалда гӀадин жакъаги дагьаб хӀалтӀи гуро руччабаз гьабулеб бугеб гӀун бачӀунеб гӀелалъе тарбия-лъай кьеялъеги, халкъалъе медицинаялъулгун социалияб хъулухъ гьабиялдаги ва цогидал бутӀабаздаги. ЧӀужугӀадан кидаго мустахӀикъай йиго рецщалъеги адаб-хӀурматалъеги.

Гьарула киналго руччабазе ракълилаб гӀумро, талихӀгун рохел, щулияб сахлъи. Биччанте киналго хъизанал рахӀаталда ва гьарзалъиялда рукӀине. Иманги, талихӀги, икъбалги, нужее, нижер хириял руччаби!

**ГӀ. НУРМУХӀАМАДОВ.**
**«Унсоколо район» МОялъул бетӀер.**

## Лъимал – кӀвар кьеялда гъоркь

Гьал къоязда районалъул администрациялда букӀана саназде рахинчӀел лъималазул ва гьезул ихтиярал цӀуниялъул Комиссиялъул планалъулаб заседание. Гьеб бачана хӀинкъи гьечӀолъиялъул рахъалъ бетӀерасул зам. М. ХӀамзатовас.

Гьенир гӀахьаллъана комиссиялъул секретарь П. НурмухӀамадова, райадминистрациялъул юрист У. Бартыханова, врач-терапевт ХӀ. Къадиева, гӀолилазулгун хӀалтӀи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухӀастанов, Генуб гьоркьохъеб школалъул педагог-психолог М. ГӀабдулаева ва цогидалги.

Заседаниялъул къойил темаялда рукӀана саназде рахинчӀел лъималазул административиял делабазухъ балагьи, гьезул вакилзабазухъ гӀенекки. Гьединал кӀигоязул эбел-эмен лъазабун тана.

Хадуб гӀенеккана ОВДялъул Унсоколо районалда вугев ПДНалъул инспектор Ш. ГӀумаровасул 2019 соналда гьабураб хӀалтӀул информациялъухъ.

Доклад гьоркьоб лъолаго М. ХӀамзатовас тӀадчӀей гьабуна гьоркьоб лъураб суалалда хурхун инспекторас гьабураб хӀалтӀул къадар цӀикӀкӀараб бугин ва гьелъ рихьулел хӀасилалги кьунин.

Заседаниялда гьабураб хӀалтӀуда тӀадчӀей гьабулаго М. ХӀамзатовас бихьизабуна законниял гурел рагъулал гӀуцӀабазулъ гӀахьаллъаразул хъизаназул лъималазулгун гьабулеб хӀалтӀуде кӀвар кьезе кколин. Гьеб рахъалъ хӀалтӀи жигарлъизабизе кколин бихьизабуна школаз, хӀинкъи бугел, школалде хьвадуларел лъазариялде кӀвар буссинабулаго, гьединал ишал такрарлъулел ругони, тӀадал инстанциязде кьеянги лъазабуна.

Гьединго балагьана саназде рахинчӀезулгун хӀалтӀи гьабулаго жив-живасулгун гьабулеб хӀалтӀул программаялде кӀвар кьолеб бугеб куцалъухъ, хасго НВФялъул членазда хурхун. Гьединго хӀалтӀул цӀикӀкӀунисеб бутӀа тӀад лъун буго педагогал-психологазда, социалиял педагогазда, школазул замазда ва цогидалги лъай кьеялъул хӀалтӀухъабазда.

Ахиралда къабул гьабуна Комиссиялъул гьаб соние хӀалтӀул план.

ГӀумро гьабиялъул сахаб къагӀида

## «Къо зарядкаялдасан байбихье», - акция



3 марталда радал къо зарядкаялдасан байбихьизе гӀолеб гӀел ругьун гьабиялде ахӀараб кӀудияб акция букӀана Унсоколо гьитӀинаб футболалъул полеялда. Гьеб эстафета ансадерихъе кьуна Рихьуни росдал гӀолилаз.

Физкультуриябгун сахлъи букӀинабиялъул «Къо зарядкаялдасан байбихье» акциялда къо зарядкаялдасан байбихьана росдал бетӀер ХӀ. ГӀабдулаевас, школазул директораз, яслиязул нухмалъулез, гьезул коллективаз, цӀалдохъабаз, соцхӀалтӀухъабаз, медперсоналалъ, спортсменаз, росдал жамагӀаталъго.

Гьенир рукӀана районалъул бетӀерасул зам. М. ХӀамзатов, РДялъул Муфтиясул зам. М. Майрамов, РДялъул «Патриоты» АООялъул пред. Ш. ГӀабдулхӀажиев, РДялъул «Трезвая Россия» федералияб проекталъул координатор Ш. ГӀалиев ва цогидалги.

Саламалъул рагӀаби абун кӀалъана М. ХӀамзатов. Гьес баркала загьир гьабуна гьалбадерие, акция гӀуцӀаразе, хадубккун сахаб гӀумро гьабизе ахӀана данделъиялда рукӀарал.

Хадур кӀалъана М. Майрамов, имам Гъ-М. Абакаров, Ш. ГӀабдулхӀажиев. КӀалъазе рахъараз лъикӀаб къимат кьуна гьеб проекталъе.

Хадуб спортивияб ишалъулъ мисалиязе кьуна шапакъатал, гьенибго эстафета кьуна ХарачӀи росдал гӀолилазухъе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 10 (7411)
Гьатlан
8 Март 2020 сон



Щибаб март бачlингун магlарул чlужу
Махlмудил хабада лъе ихдалил тlегь,
Тlубараб гlумроялъ гlащикъаб раклалъ
Мун кlодо гьаюраб кечl ахlанин дос.

# Барка, магlарулай, 8 Март



## Газеталъул гьудулзаби

Гьаб демократияйин цlар тараб, амма закон гьечlолъиги, гlаданлъи лъугlиги, гьелдаго цадахъ гъурщида хадур лъугьинги гуреб жо гьечlеб заманалда моралияб рахъалде кlвар кьолеб гьечlо гlадамаз. Гьединал шартlазда цlакъ захlматго буго ккезе газетаги цогидал изданиялги. Партиялъул заманалда гlадин хъвалел гьечlо гьел жакъа. Гlицlго интернетаздасан лъалеб бащдабги ритlухълъи гьечlеб информацияги гlун чlолел руго гlадамал.

Амма гьединал шартlаздаги ниж рехун течlел, хlалтlулал коллективал лъайгун гlаданлъи цlунизда бачунел нухмалъулел, хасго руччаби дагьал гьечlо нилъер районалда. Гьединазда гьоркьоб бищун цебе цlар рехсезе мустахlикъай йиго Унсоколо «Ласточка» ясли-ахалъул зав. З. Мухlамадова ва гьелъул коллектив. Анцlгогlан соналъ щибаб сонайил хъвана гьез районалъул газета ва районалдаго бищун цlалдолеб учреждение ккола гьеб.

Гьединго «Ахихъан» щибаб соналъ хъвала ва нижер даимал гьудулзабилъун руго Шамильхъалаялъул «Сказка» ва «Солнышко» ясли-ахал (П. Тlагьирова ва П. Гlабдулаева), Унсоколо районалъул больницаялъул коллектив (Гl. Мухlамадова). Росаби росани, бищунго цlикlун газета хъвала Генуб росдал гlадамаз ва гьеб ккола бищунго цlалдолел гlадамазул росу. Жакъа нижее «Ахихъан» газеталъул редколлегиялъе бокьун буго газеталъул гьудулзаби – руччабазда ракl-раклалъ 8 Марталъул Праздник баркизе. Сахлъи – рохел нужее, рухlиябги, гlумроялъулабги, диниябги рахъ намус бацlадго бачунел руччаби!

**Нужее руччаби, бералъ гуребги**
**Бухlараб каранда канлъи гьарула,**
**Щиялъул тlуралел тlадал ишазулъ**
**Тlолалго хlайранаб махщел гьарула**

## Ихдалил байрамгун!



Ракl-раклалъ баркула «Милъиргщо» ясли ахалъул хlалтlухъаби Гlабдулаева Зумурат Сайпудиновнаялдаги ва Хlажимухlамадова Гlайшат Хlамзатовнаялдаги бищунго рохалилаб, гвангъараб ихдалил байрам - Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо- 8 Март.

Гьал руго нижер лъимазул талихl рохел, рокьи. Лъебергоялдаса цlикlкlун соназ тlубазабулеб буго гьез лъимал куцаялъул хlалтlи. Гьазул берцинаб гьуинаб каламалъ, рекlел хинлъиялъ, хlеренлъиялъ, цlикlкlараб тlалаб агъазалъ кверде росун руго лъимал. Киналго улбузул рахъалъан ракl-раклалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго гьал кlвахl-свак лъачlого хlалтlулел руччабазе. Заманаялъул захlмалъабазухъ балагьичlого, нужеца куцалеб буго лъималазулъ рекъелги, гьуинлъиги, гьудуллъиги, лъикlабщинабги гlамал. Нуж мустахlикъал руго кидагосеб реццалъеги, адабалъеги.

Гьал кlиялго руго тlадегlанаб категориялъул тарбия кьолел. Гьарула щиялъе гlумруялъулъ талихl, рохел,сахлъи, хъизан-рукъалъе аваданлъи, кибго ва сундулъго сабру, гьабулеб ишалъулъ икъбал!

Баркула, хириял, Микьабибеб март
Рокьиги, рохелги, гьарзаго кьеял,
Баркула,гьайбатал,ихдалил байрам
Чlухlула кидаго ниж нужедаса.

**Баркигун «Милъирщо» ясли ахалъул,**
**«Фея» группаялъул лъималазул улбул.**

## Къадруялда тlамулеб гlумро



Генуб гьоркьохъеб школалъул байбихьул классазул завуч Гlабдулаева Марьямица гьадин бицана:

«1985 сонадлда школаги лъугlизабун дун цlализе лъугьана Буйнакск шагьаралъул педагогикияб училищалде. 1988 сонадла лъикlал къиматазда гьеби лъугlизабун хlалтlизе ячlана гlагараб Генуб росулъе. Байбихьул классазда учительницалъун хlалтlулаго цадахъ цlализе лъугьана ДГУялъул филологияб факультеталде, багlараб дипломгун лъугlизабуна гьениб цlали», - абун.

1991 сонаaлдаса нахъе хlалтlулей йиго Марьям Генуб байбихьул классазул завучлъун. Ракl бацlадго тlубазабула гьелъ лъималазе лъайгун тарбия кьеялъул иш. Хlалтlудехун бугеб гьединаб бербалагьиялъ гьей мустахlикълъана «Россиялъул Хlурматияй учительница», - абураб цlаралъе. Унго - унгоги Марьям йиго тlабигlаталъго гьеб хlалтlуе йижарай гlадан. Жиндирго хlалтlул бицунаго гьелъ абула: «Дир талихl ккола лъимал ва дирго махщел». Гьединлъидал батила Марьямил хlалтlулъ къо радалалдаса къасделъизгlан халат бахъунебги. Гьелъ цlакъ мухlканго бичlчlизабула лъималазда дарсал, хlеренго ва гlодое йиччан гарачlварула гьелгун, гьелдаго цадахъ гьелъ берцинго бачуна жиндирго хъизанги. Марьямил руго кlиго вас Мухlамадги Давудги. Гьелги тlадегlанал къиматазда цlалулел руго Каспийск шагьаралъул кадетазул корпусалда. Марьямица цадахъ бачунеб буго росдал руччабазегун ясазе тарбия кьеялъул хlалтlи, «Муслимат» - обществалда гьей ккола жигарай хlалтlухъан.

Цо чанго саналъ Марьямил классалъул лъимал цере рахъана районалъул ва республикаялъул конкурсазда. Гьел мустахlикълъана грамотазе, дипломазе ва гlарцулал сайгъатазе.

Дида Марьям ятана дарсал лъугlун хадуйги лъималгун хlалтlулей, гьелъ гьезда бичlчlизабулеб бугоан ВПРалъул хlалтlаби. Гьел хlалбихьиялъул хlалтlаби ругилан бицана гьелъ. Марьямил ункъабилеб классалъул лъимал школалдаго лъикl цlалулеллъун рикlкlуна.

Генуб росдае захlматал соназда Марьямил рос (росдал бегавул) Мухlамадов Алясагlгун цадахъ гьелъ жигараб хlалтlи гьабуна хъизаназда гьоркьоблъи битlизабиялъе. Гьезул мурад букlана росдал лъимал битlараб нухде рачин. Гьабсагlатги Марьямие хlалхьи букlунаро, гьелъ абула: «Цо хlалтlи цоги хlалтlудалъун хиси бугин дие хlалхьи»,- ян, гьеб битlарабги буго.

Жиндирго коллектив цо хъизангlадин бачунеб буго Марьямица. Цоцалъ гьункараб буго байбихьул классазул учительзабазул коллектив, гьел руго цогидазеги мисалияллъунги. Гьединаб къадруяб гlумро гьабулеб буго Марьям Гlабдулаевалъ.

Баркула гьезул коллективалда ва завуч Марьям Каримовналда тlаде щвараб 8 Марталъул байрам. Гьарула хlалтlулъ бергьенлъаби, чорхое сахлъи, гlумруялъулъ талихl.

**Хадижат Хlасанова.**

**Огь, руччаби, руччаби!**

## Кинай йикlарай Дагъистаналъул чlужугlадан?

**Гlалахалде биччараб**
**Капшазул рехъен гlадин,**
**Хъахlаб ханжу цlикlкlиндал**
**Цlекlлъун руго руччаби...**
**(Сагlид Афанди)**

Свалат салам лъеяв Аварагас (с. т. гl. в.) абун буго: «Квешай чlужугlаданалъул къосин азарго къосарав чиясул къосиналда релъун буго. Муъминай, лъикlай чlужугlаданалъул лъикlлъиги лъабкъоялда анцlго аварагасул гlамалалда релъун буго». Ай, квешай лъугьани, чlужугlадан гьединай, гlорхъодаса арай йикlунила, лъикlай лъугьани, цlакъго цеетlурайги йикlунила. Лъикlал руччаби цlикlкlун ругони, нилъее кигlан лъикlха букlинеб?

Жеги абун буго Аварагас (с. т. гl. в.) «Росадa нодо букlкlун кlалъарай, гьесул адаб тарай чlужугlаданалъе зобалазда ругел цlваби рикlкlун мунагь хъвалилан»,- абун. Гьебги лъалаго чlужугlаданалъ нодо букlкlинги адаб тlей ккелярищха? Гьеле гьеб лъангутlиялъ, лъай босизе регlунгутlиялъ, дунялалъ гуккиялъ буго руччабахъан гlемераб, шаргlалде данде кколареб жо лъугьунебги. Амма киданиги ва лъиданиги кlочене бегьуларо «лъаларо»-ян абураб багьана къиямасеб къоялъ къабул гьабулареблъи. Лъазе ккани тlалаб гьабизе ккола. Аварагасул (с. т. гl. в.) хlадис буго: «Гlелму тlалаб гьабе киниялдаса бахъараб лахlтуялде щвезегlан»,-абун.

Щиб жоха чlужугlаданалда лъазе кколеб? 1) Имамалъул фарзалги тlурани, росасеги мутlигlлъани, Алжан щолеблъи; 2) тlабигlатгlамал унго-унгояй бусурманчlужуялъул букlине ккей. Ругищха гьанже гьединал руччаби? Кигlанги руго! Амма гьелъул ургъел гьечlелги кигlанги руго. Кинайха йикlарай Дагъистаналъул чlужугlадан? Мисалалда хадур имам Шамилил заманалде ракканиги гlела. Гlурусазухъе кверде инарилан чан чlужугlадан кlанцlарай гlурулъе? Ахlулгохlде рахарал солдатал имамасул яц Патlиматида хадур роpтана. Ургьиб лъимерги бугей гlадан гьей гохlил рагlалде екерана, гьурмаде кlазги цlан, кьурса гlодое гlурулъе кlанцlана. Шамил имамасул чlужу Жавгьарат холеб мехалъ гьелъул каранда цин «бабаян», цинги «дадаян» гlодулев вукlана 2 сон барав вас Сагlид. Цо мугьариясул чlужуялъ бетlергьанчиясда жиндирго керен хахулеб лъимерги бихьизабун, абуна: «Гьалда щиб гьабилеб?»-илан. Росас абуна «Жакъа лъимадул тlалаб гьабулеб къо гуро, ганчlида лъимерги лъун, ханжар кодобе босе»,-ян. Рос-лъадиги шагьидлъун, ганчlида гlодулеб хутlана гьезул лъимер. Гьединал мисалал гlемерал руго.

**Ахир 4 гьум.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 10 (7411)
ГьатIан
8 Март 2020 сон



ЧIужугIадан, дица дур адабалъе
Аза-азар нухалъ бетIер къулула,
Дур хIеренлъиялъе къо хIехьеялъе,
ГIодоб накоги чIван хIурмат гьабула.

Йигеб бакI къалъулей, къилба гIадинай
Къварилъи кидаго лъагеги дуда,
Эмен-вац рохарай, рос-рукъ разияй
Лъимал рукъалдаса йохун тайги мун!



# Дуе, чIужугIадан!

## Кваназе ккола чанго нухалъ

(Чергеслъизе бокьани щиб гьабилеб?)

1. Кванай сордо-къоялда жаниб щуго-анлъго нухалъ, амма щибаб нухалъ кваналеб кванил къадар цIикIкIине бегьуларо дур огъохъатинибе унеб къадаралдаса. Гьедин гьабуни, организмалъ жинцаго цIикIкIараб калория бухIизе буго нуж лъабго нухалъ гьоркьо ракъи-къечги нужеда лъан кваналелдаса. Гьедин гьабуни бухIула кьаралъи, ччорбазул массаялъеги щибго зарал кколаро.



2. Сордо-къоялда жаниб лъамалъиялъул къадар цIикIкIине яги дагьлъизе бегьуларо 2,5 литралдаса. Гьеб лъамалъилъун сундасаго лъикIаб буго гьекъолеб лъим букIине.

3. Кванаге бежараб квен! ЛъикIаб гьечIо семечкадул яги боцIул кьаралъиялда бежарал квенал кваназе. Меседил кьераб бежараб квен кваначIого чIезе кIолеб гьечIони, гьеб беже тIоцебе къанцIун бахъараб нерафирированнияб яги зайтуналъул нахуда.

4. РикIкIада нухда рахъунел ругони, цадахъ босе квен. Жидерго лага-черхалда хадуб хал кколезе лъикIаб буго чанго нухалъ дагьабго жо кванай.

5. ГIемер кьиже. Кьижун вугони чи гIемер кваналаро. КIиабизе битIахъе кьижараб мехалъ лъугьуна чиясул чорхолъ кванараб квен пайдаяб куцалда регьин. Гъваридаб макьил заманалда букIкIунеб тIом жаниб цIола, рукIкIалаби ритIула.

Г. Н. КАШИНА, Врач-диетолог.

## Радал къо кин байбихьилеб?

* Къо байбихьизе лъикIаб буго кофеялъул чашкаялдасан, яги стакан лъелъе лимоналъул бутIа рехараб лъим гьекъон. КIвар буго лъим хинаб букIиналъул. Гьединаб гьекъолеб жо буго витаминал «С» бечедаб, лъикIлъизабула иммунияб система, квен бигьин, бацIцIад гьабула тIул, лъикIлъизабула тIом.

* Радал кваначIого хIалтIуде рекеруге (кофеялъул чашкаги бутербродги квен гуро). Гьедин гьабуни мун къасе лъабгоясе гIоло кваназе йиго. Ургьимес лъикI хIалтIизабизе ккани, радал кванил кIудияб кIвар буго. Радал кваначIони, мун йикIине йиго гъира гьечIого ва йиххун ккарайлъун.

* Чаялъулъе гIемераб чакар бан дуца гьелъул тIагIам хъачI гьабулеб буго ва организм тIамулеб буго гIададисеб куцалда хIалтIизе. Поджелудочнияб железа абуни гьелъ тIамула стрессалде. Чай гьекъезе лъикIаб буго сухопродуктабазда данде.

## Херлъидал нужер ракI бухIизе бугеб 20 хIужа

**Нижеца бахъулеб буго нужер гIумро ун хадуб чиясул ракI бухIулеб чанго хIужаялъул баян. Гьелъ нуж сундегIаги кантIизаризе бегьула.**

**Нужер балагьиялде босулеб буго тIури щвараб жакъасеб гIумроялъул темпалда тIад ургъизе, херлъун хадур хIакъикъаталдаги унго-унголъун нужеего гIоло нужеда гьабун щиб бажарарабали.**

**1. Дурго къватIисеб рахъалда (внешность) хурхун рахIат хванищ?**

Нужер гIемерисел ургъел чIван лъугьуна нужерго къватIисеб рахъалда хурхун. Гьедин букIуна гIолохъанаб мехалъ. КIочонге гIолохъанлъи гьадингоги гьайбатаб букIин, амма унаха цIакъго хехго.

**2. Нужеца къватIисел хIукуматазул мацI лъазабунищ?**

ГIолохъанаб мехалъ бигьаго букIуна лъай босизе. Гьедин бугониги кIудияб къагIидаялъ хIал кьоларо нилъеца къватIисел хIукуматазул мацIазул дарсазде школалда цIалулаго, бажарулеб хIал бугони лъазабе гьеб, гьелъ ракIалда жо чIей лъикI цIунула.

**3. РагIулароан эбел-инсул малъа-хъваял.**

ГIолохъанлъуда нилъеда ракIалде ккола жакъасеб гIумроялъул эбел-инсуда щибго бичIчIулеб гьечIин. Нилъго херлъидал бичIчIизе лъугьуна гьезул лъай гIакълу нилъедаса тIад калам гьечIого щвалде щвараб букIараблъи.

**4. ТIомалда хадуб хал кколароан.**

РукIкIалаби, пингментниял жал, тIомол ракцин ккола ультрофиолеталъул «захIмат». ТIом цIунизе ккола бакъул чIораздаса, гьедин гьабуни гьеб гIемераб мехалъ гIолохъангоги берцингоги хутIизе буго. ТIом хехго херлъула ва гьурмал кьер хола хъалиян гIемер бухIулезулги.

**5. Жиндир заманалда щибниги гьабизе бугеб ресалдаса пайда босичIо.**

Цо кидаялиго ва гьабсагIат нужеца гьабизе хIисабалде босараб иш гьебсагIатго гьабе, гьеб рес биччан тоге. Лъидаго лъаларо хадубккун гьелъие данде кколеб рес букIинищали.

**6. Дурго сахлъиялъул тIалаб гьабичIо.**

60 сонил гIумро дур бугеб мехалъ ракI бухIизе буго дур сахлъиялъул тIалаб гьабичIолъиялда хадуб. ГьанжегIаги гIемер щва врачахъе, хадуб хал ккве сахлъиялда. ЦIакъго унтараб мехалъ хадубккун захIмат букIуна.

**7. ГIадамаздаса рикIкIад чIолаан, жуялароан.**

Дурго гьабулелдаса къватIие яхъине дуда кIолеб гьечIони, яги хIинкъулей йигони, кидаго рокъой гIодой чIун гIумро регIулеб бугони, дурго кIиабилеб бащалъи батизе тIалаб гьабичIониги, гьудулзаби ратизегIаги тIалаб гьабе. ГIемерисел гIадамал дуе квешлъи гьабизе бокьун гуро рукIунел, гьединан дуцаго ургъарал «тушбабаздаса» цIуни рехун те.

**8. Дудаго нахъа ятизе бажаричIо.**

Байбихьуда мун хIинкъана школалъул гъалмагъирчагIазукьа, хадуб институталда, хадур дуда данде вахъана начальник-гIабдал. Данде яхъине хIинкъуге, гурони мун киданиги бергьине гьечIо дурго хIинкъиялдаса.

**9. ХIинкъулаан дурго асар загьир гьабизе.**

Нилъ киналго хIинкъула гIадамазда нилъер асарал пикраби лъазе тезе, бахъуна ццим, загьир гьабуларо рокьи, данде ругезул рукIине бегьулел нахъчIвай яги тIадрелъи букIиналдаса хIинкъун. ГIагаразда щибго абуларо гьез нилъер ракI бакъвазабуниги. ЛъугIизе те хIинкъи, ругел асарал ритIун кье къватIире. Киназульго рукIа хIакъикъиялльун.

**10. ГIумроялъул нухбакьулъ чIоге.**

Гьабизе бокьараб жо букIаго гьабулелъулго гьебги рехун тун чIоге. Гъорлъе лъугьараб иш рагIалде бахъинабе.

**11. ГIарац хIажат гьечIелъухъ кьун хвезабуге.**

ЛъикI ургъун, лъазабун босе тукадаса босулеб жо, хадуб ракI бухIичIого букIине. РухIияб рахъалъ бечед гьабе дурго гIумро, къехь-къвачIа бакIаричIого.

**12. Гьабулеб жо тIадегIанаб даражаялда гьабизе ругьунлъичIо.**

ГIемерал жал лъазаризе лъугьинчIого цо дурго ракIалъ тIаса бищараб махщалида тIад чIа, гьелъие ругьунлъе, творчество бачIинабе гьелъулъ, гьеб бихьизабе ва дандбай гIагаразда, мун йичIчIулезда. Кинабго жо лъазабулеб бугони, гьел рагIалде щун лъазаризе бажаруларо.

**13. Чияр пикруялда нахъ йилъунаан.**

ГIагаразул, гIунтIаразул, цадахъ хIалтIулезул, лъималазул, положениялда ругел эбелазул букIуна гIумро гьабизе ккокеб куцалъул жиде-жидер пикру. ГIенекке гIицIго цо чиясухъ – духъго!

**14. Церегосел гьудулзабаз гьабуралда тIаса лъугьин.**

Цо-цо гIадамал цо ккараб рагIи-рочIиялдаса хадур цоцада тIаса лъугьунаро, цоцада кIалъачIого ракIал кIодо гьарула. Рекъей гьелгун, гIумро цIакъго къокъаб жо буго ракI хвезеги, ццидаеги кьезе.

**15. Ца-кIалалда хадуб хал ккечIо.**

Стоматологазул дуе гьабураб хъулухъалдаса гIемерго учузго чIола ца-кIал бацIцIад гьарулел жал. Протезалги гIемерго рекIее къабулал жал рукIунарелъул. РацIцIадго чIезаре гьел.

**16. ЛъикIалъул къимат гьабизе лъачIо.**

ГIолохъанаб мехалда гIумро гьабула хехаб темпалда. Гьеб квеш гьечIо, амма цо-цо кколелъул хIисаб гьабизе нахъе ралагьани лъикI букIунарищ, лъугьунеб-толелъе къимат кьезе кколарищ?

**17. Жеги лъугьинчIелъе гIоло ургъелал гьарулаан.**

Нус-нус гIиси-бикъинал киданиги лъугьинарелгIадал жалазул ургъелал гьарула дуца. Гьединал пикрабазе заманги кьун дулъего унтаби ккезаризе лъикIабищ бугеб?

**18. Киданиги яхъинчIо гIадамазда цее кIалъазе**

Дунялалда киназдего гIагарун гIадамал хIинкъула гIемерал гIадамал ругеб бакIалда кIалъазе рахъине. Амма цо къоялъ нужерго гьеб рахъалъ бугеб хIинкъи лъугIизабизе рес буго. Пикру гьабе дуда цере кIалъалездаса мун квешай йигищали.

**19. Хассал тадбиразде унароан.**

ГIемерисез къваригIунареллъун рикIкIуна хIажат гьечIел лъай-хъваял, амма гьелъул кумек букIуна хIалтIуда гьабулеб ишалда цере ине. Нилъеда лъаларелъул лъидасан дур ишалъе кумек щвелебали.

**20. Дудаго тIад елъанхъизе кIвечIо.**

ЦIакъго кIвар бугейлъун мунгоги рикIкIун йикIунге. Цо-цо дудаго тIад елъанхъизе бажаризе лъикIаб буго. Гьелъ лъугьунелъе битIараб къимат кьезе ругьунлъула.

**Австралиялдаса медсестра Бронни Вэр чанго соналъ хIалтIана хвалде ракIарарал гIадамалгун реанимациялда. Гьелъ бихьизабулеб буго гьел киназго биканин цIакъго гIемер хIалтIанин ва гIагарлъигун цIакъго дагьаб заманаялъ рукIанин, жидер къуват гIечIин жидерго асарал къватIире кьезе, нижголъун рукIине,-абун. Нужеца пикру гьабулеб бугищ унеб гIумроялъул ракI бухIизе жо хутIун бугищали. Батани гIаданлъун йикIиналъулги пикру гьабе.**

# Кинай йикIарай Дагъистаналъул чIужугIадан?

Амма нилъ гьезул букIине мустахIикъаб наслу бугодай. ЛъикI нилъерго гIамалалъухъ балагьани, гьел шагьидзаби разияб гIамал бугодай нилъер. Имам Шамилица 25 соналъ хвалченги хьвагIун цIунараб шаригIат бацIцIадго ккун бугодай нилъеца. Ниж Шамиль имамасул ВатIаналдаса ругин абизе нечараб хIал бугодай нилъер? Гьал суалазе жавабал щияй чIужугIаданалъ жиндаго жанир ралагье. Батуларо гьеб жаваб жиндица иман-исламалде кIварги кьоларей, эбел-инсуеги хъачIай, росасда тIад ханлъи гьабизе бокьулей, цогидаздехун жахIдаялъ жиндир керенги цIурай, нухдасан унаго васищ, ясищали ятIа яхъизе лъаларей, Аллагьасукьа хIинкъиги гIадамазукьа нечейги жиндир гьечIей чIужугIаданалъул. Иман-исламалдеги рачIун, гьелда тIадчIей гьабулелилан ругел руччабазгицин, цо-цо жидее данде кколареб бакI шаргIалда батани, гьелда разилъи гьечIолъи загьир гьабула. Масала, «Бихьинчиги чIужугIаданги (кIигоял) данделъани, лъабабилеб гьезда гьоркьоб щайтIан букIуна»,-абураб хIадис данде кколаро, жеги тIад релъулелцин ккола. Телефоналъ васалгун гаргадизе бегьулищан суал кьола, бегьуларин абидал, гIажаиблъи гьабула, гьединаб жо кин букIунеб - абун. Иш гьедин буго, амма ясазе гьелъул, пайда гурони, зарал гьечIо… Исламалда жаниб щибаб жо буго жакъа дунялалдаги метер ахираталдаги бусурманчи битIараб нухде ккезе, цIаялдаса цIунизе бугеб. 30-40 соналъ цебе гьединаб жо малъизе чи вукIинчIо, амма гьабулев чиги вукIун ватиларо, щаян абуни, жеги чорхолъа тIагIун букIинчIо нилъее хасиятаб яхI-намус. Гьеб тIагIиналъ гурищ руччабаз бихьиназда тIад кверщел гьабизе байбихьараб? Гьелдаса хадуб гурищ руччабаз жидецаго дуниял сверизе байбихьараб? Гьелдаса хадуб гурищ руччабаз гIаракъи-хъалиян бичизе, жиде-жидер росдал



цIарги лъун, анаша бичизе лъугьарал? Кибе араб ботIродаса кIаз, лъица изну кьун раккарал бохдулги гъуждулги? ТIолго гIайиб руччабаздаги гьечIебха, гьезда малъуларел бихьиназдаги бугеб! Щибниги жо абуни, цо-цо руччабаз абула нижер жаваб нижерго росабаз кьелин. Кьеха! Чанги чIужугIадан йиго хвасарлъиялъул нух цIехолей, тавбу гьабулей, шаргIияб нухда чIезе цIакъ хIаракат бахъулей. Русса нуж диналде, дир диналъул яццал! Имам Шамилил руччаби Калугаялде рачIараб мехалъ, гьезул чIахIиял чиновникабазул руччаби рачIунаанила гьезухъе щвезе. Гьез цо нухалда Шамилида абун буго гьел жидехе риччаян. Имамас жаваб кьун буго жидер диналда гьедин хьван гьечIин. Нахъеги гьез гьарула сураталгIаги рахъизе теян, гьев разилъуларого вукIуна. Нилъер чIухIилъун жив вугев, жиндир бахIарчилъиялъе дунял-гIалам мукIурав, накъшубандияб тIарикъаталъул шайих, имам Шамилица жиндирго руччабазул суратал рахъизегицин бихьинчи виччачIеб мехалъ, нилъ кире щун ругел, Дагъистаналъул руччаби! Нилъ ругеб динги, имам Шамилица цIунараб динги цо буго – Ислам! Гьелъул къанунналги цо руго: Къуръан ва хIадис. Гьел къанунал хвезавурав чиясе судги къиямасеб къоялъ гьабула. Адвокаталги дора гьечIо. Гьаниб бекьараб доба бакIарула. ШаргIалъул гIорхъабазда чIечIей чIужугIаданалъ бекьулебги лъаларо, бакIарилебги лъаларо! Гьеб лъазе ккани, тIалаб гьабизе ккола жинда тIадаб жо. РакI бухIун гIодани, бещцаб бадисаги магIу бачIунилан буго нилъер умумазул кици. Хвалица тохлъукьего хапан ккелалде, рачIа, руччаби ракI бухIун гIодизин. РачIа кьезин отчет нилъерго гIумроялъул - лъикIлъаби гьарун ратани, щукру гьабун, квешлъаби гьарун ратани, тавбу гьабун, ритIизарилин араб гIумроялъул гъалатIал! ХIабибасул умматалда цадахъ тIаде рахъине хIаракат бахъизин! ШаргIалда рекъараб гIамалги, гIадамазулъ берцинаб тIабигIатги кьеги Аллагьас нилъее, Дагъистаналъул руччаби! Амин!

**ГIайшат НУРМУХIАМАДОВА.**

Психологас гIакъло кьолеб буго

## Хъизан-рукъ битIун букIине

1. Бихьинчи веццизе ккола, чIужугIаданалъе гьелъул чIурканлъиялъул бицунебго гIадин бихьинчиясеги бокьула магIишаталъе жиндирго бугеб бажариялъул хIакъалъулъ лъикIаб пикру лъазе.

2. ВакIа-вахарун чIезаве рос. БукIинабе сахаб квен, сахаб гIумро гьабулеб къагIида, гьелъ гIадан лъикIаб къуватгун цIунула.

3. Гьесул комплементазе разиго жаваб кье, гьиме свакан йигониги. Цо-цо мехалъ гьебги гIола гьесул цойгияй ялагьулеб хасият хисизабизе.

4. Сахлъиялъул дагьалго захIмалъаби ругониги мухъилъа ине бегьула бихьинчи: гьев ккола ургъалилъе, жиндиргояб ккун врачасухъе ине инкар гьабула, пикраби гьарула щибниги лъугьани хъизан-рукъ киндай букIина,-абун. Ккола кумек гьечIолъиялъулаб асаралде гьоркье, бигьаго уна депрессиялде, заралияб гIамалаз церегосел унтаби цIилъула. Гьединаб мехалъ сабру гьабе. КIвараб кверчIвай гьабе гьесие захIматаб заманалда. Лъугьа гьесие гIагарай эбеллъун, биччай дагьаб заманаялъ гIаги гьев загIипавлъун вукIине.

5. Бихьичиясе хIажалъула живго-жиндаго чIеялъул ва магIишаталъе бажари букIинабиялъул асар. Гьеб рахъалъ бугеб бажариялъ гьавула гьев бихьинчилъунги. Писи-бикъинал жалазда хадур лъугьун рагIи гьабуге, буюрухъал кьоге, щибниги гьабизабизе лъугьун тIаделъуге. Власталъулал руччаби гIемерисел бихьиназе рокьуларо.

6. Бокьун бугищ дуего цIидалав тушман росасул гьавизе? ГьечIеб батани гIадамал ругеб бакIалда релъанхъуге гьесда тIад. Бихьинчиясе кIудияб кIвар буго гIадатго, гIакъилго къуватавлъунги гIадамазда цеве вукIиналъул. ТIаде релъанхъани, гьесул гьабизе бугелдаса ракI уна. РакI хун букIин бихьизе течIониги рекIелъ къан букIуна гьесда рикIкIунгутIи. Нужеда гьоркьоб бугебщинаб жо гIадамазда лъазе кколаро. Гьесда квеш букIинаредухъ нужго ругелъуб бицунелъул рахъалъ дурго пикру гIахьал гьабе гьесие.

7. Бихьинчи хIинкъула руччабазулгун эркенго гьоркьорлъаби гьаризе. Гьел балагьун чIола жидее кьолеб гIаламаталъухъ, гьезие бокьула кинабго ахIвал-хIал жидедего хIал ккечIого бигьаго ине, жинцаго гьеб ишалъулъ жавабчилъиги тIаде босичIого хутIизе. Гьединаб мехалъ тIадецуй гьабуге. ХIукмо къотIизе гьесухъ жиндихъго те.

8. ТIад релъуге кинабго рахъалъ, хасго материалияб рахъалъ бажари гьечIолъиялда.

9. ГIеммуялъ чIезабула: бихьинчи вичIулареб куцалъ вугони – ццим бахъун, вагъделев, дандечIун, киналдасаго рази гьечIого – кванназаве гьев. Бихьинчи кванназавизе ккола гIемер ва гIорцIулеб квандалъун. Щайгурелъул ракъиялъ асар гьабулеб мехалъ бищунго цIакъ зарал ккола гIадал нахуе. Нейроназул къадар хехаб куцалъ гьитIинлъизе лъугьуна. Гьелъул хIасилалда рокъоб къалги ккола.

**И. С. СОРКИСОВА**
**Хъизаналъул психолог.**

Дагьабго гьими

## Йигей лъикIай пассажир

ЦIун маршруткабиги ун хутIидал Парица квер ккун чIезабула такси «Жигули». Гьелъул рукIуна бецI гьарурал цIурдул, жанив рулалда нахъа ватула мегеж-бетIер кIкIвачIев востокалъул гIадав бихьинчи.



Жеги гьелда бихьун букIинчIо гьанжесел машинаби гIадин боржунеб «Жигули». ГIалхулаб хехлъигун боржун унеб машинаялъ толеб букIана цебехун бихьичIеб гIадаб «рорхен», гIицIго цIодорлъи гьабуни гурони жанир ругез гьабизе жо гьениб хутIун букIинчIо. Пари битIахьего щвараб бакIги ккун рекIун чIун йикIана машинаялда. Гьелъ хIинкъараб ракIалда гьечIолъиялъ берал къанщула, ракIалдаго гьечIого гьаваялдаса гIодобе рехараб гIадаб гьаракьгун чIезабула шоферас машина унеб гIалхулаб хехлъи. Жеги нухда ругищали лъазе бигьа гьарун берал рагьула Парица. КIиго светофор тезе хутIана, ахиралде щвана гIажаибго хIинкъараб сапар,-ян пикру гьабула гьелъ. Гьениб Шумахерида бихьула Парил дагьалго рагьарал берал ва абула: -О, мун йорчIанищ! Йигей лъикIай пассажир, гIодое йиччан гIодой чIун йикIуна, ахIдоларо, бачине квал-квал гьабуларо. Кьижунцин ккун йихьула…

ХIинкъиялъ жанисан соролей Парица хIисаб гьабула «ЧIвани хIакъ

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 06.03.20 г. 16.20
фактически -18.20 мин.
……………………………
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.